

W Ap Chèche Finansman Posib?

Nou itilize prèv ki montre w ap viv nan Konte Miami-Dade ak prèv revni pou detèmine responsablite ou ak mwayen pou peye. N ap itilize repons ou pou nenpòt kesyon nou mande ki asosye avèk kondisyon imigrasyon ou sèlman pou jwenn nenpòt pwogram espesyal ki ka ede ou peye pou swen sante ou.

Enfòmasyon sa yo ap rete an sekre, epi nou p ap rapòte yo ba Sèvis Imigrasyon ak Nnatiralizasyon (INS) oswa ba nenpòt ajans lapolis oswa ladwàn.

- dènye paspò ameriken ou oswa paspò lòt peyi (ki aktif oswa ekspire)
- kat enskripsyon elektè
- batistè pou aplikan ak pou tout manm fanmi li
- papye natiralizasyon
- nenpòt fòm INS, oswa lòt korespondans (ki aktif oswa ekspire)
- grinkat
- dosye vizit relijye
- I-94
- Kat Otorizasyon pou Travay
- grinkat



Nimewo Enpòtan

Randevou Pou Pasyan Ki Pa Entènè

Ou kapab pran yon randevou klinik pou pasyan ki pa entènè depi ou rele Sant Pwogramasyon Randevou Jackson Health System nan nimewo **305-585-6000**.

Klasman Finansye

Si ou gen lòt enfòmasyon oswa chanjman nan sitiyasyon finansye ou, epi si ou panse sa ka chanje klasman finansye ou, tanpri rele pou yon randevou pou re-evalyasyon finansye nan namewo **305-585-6000**.

Sèvis Kliyan/ Faktirasyon Pasyan

Si ou gen kesyon sou yon bòdwo Jackson Health System ou te resevwa nan sèvis lapòs, tanpri rele Depatman Sèvis Kliyan nou nan nimewo **1-877-881-6177**.

Enfòmasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan pwosesis enskripsyon nou, tanpri rele Depatman Evalyasyon Finansye Jackson Health System nan nimewo **305-585-2222**.

JHS0300 07-13

www.JacksonHealth.org


Fason Pou Jwenn Swen Pou Pasyan Ki Pa Entènè Nan Jackson Health System

Mèsi Paske Ou Chwazi Jackson Health System Pou swen Sante Ou Ak Pou Swen Sante Fanmi Ou.

Tanpri rele **305-585-6000** ppou jwenn yon randevou klinik pou pasyan ki pa entènè.

- Si konpayi asirans prensipal ou se yon HMO (Òganizasyon Antretyen Sante) oswa yon PPO (Òganizasyon Founisè Swen Sante Prefere), ou ka bezwen gen otorizasyon oswa sètifikasyon davans doktè premye swen ou anvan ou vini nan randevou ou. Tanpri bay nimewo otorizasyon sa a oswa nimewo sètifikasyon davans sa a pou moun ki ba ou randevou ou a lè ou rele.
- Si ou pa gen asirans oswa si w ap chèche asistans finansye, tanpri mande yon Randevou pou Evalyasyon Finansye lè ou rele.

Tanpri fè tout efò ki posib pou pote enfòmasyon ki endike nan tiliv sa a (ak nenpòt lòt enfòmasyon nou mande) pou tout moun inite fanmi ou nan Randevou pou Evalyasyon Finansye ou.



Jackson
HEALTH SYSTEM



www.JacksonHealth.org

Enfòmasyon Ki Nesesè Pou Randevou Ou Pou Evalyasyon Finansye

Nou kwè chak moun k ap viv nan Konte Miami-Dade gen yon dwa pou jwenn swen sante yo kapab peye. Pou detèmine si ou kalifye pou nenpòt nan pwogram asistans finansye medikal nou yo, nou mande enfòmasyon ki eksplike ki sitwayen ou ye/si ou gen rezidans, revni anvan dediksyon, kantite moun ki nan inite fanmi ou, epitou si ou t ap viv nan Miami-Dade pandan omwen 90 jou.

Kote pou Fè Evalyasyon Finansye ou

Ou kapab pran yon randevou ou nan nenpòt nan kote sa yo ki pi pre ou lè w ap pwograme evalyasyon finansye ou:

- **Dr. Rafael A. Peñalver Clinic**
971 N.W. 2nd Street, Miami
- **Jackson Memorial Hospital**
1611 N.W. 12th Avenue, Miami
- **Jackson South Community Hospital**
8950 S.W. 152nd Street, Suite 104, Miami
- **Jefferson Reaves, Sr. Health Center**
1009 N.W. 5th Avenue, Miami
- **North Dade Health Center**
16555 N.W. 25th Avenue, Miami Gardens
- **Rosie Lee Wesley Health Center**
6601 S.W. 62nd Avenue, South Miami

Idantifikasyon Pèsonèl (ID Ki Gen Foto)

Tanpri pote youn nan ID ki gen foto sa yo pou chak manm fanmi ki lakay ou.

- lisans chofè
- ID ofisyèl Florida
- ameriken
- Lòt ID valid

Si w ap enskri yon timoun minè ki poko gen laj 18 tan epi ki pa pitit ou, ou dwe gen prèv ki montre se ou ki gen lagad legal li.

Prèv Ki Montre W Ap Viv Nan Konte Miami-Dade

Tanpri pote prèv dènnye dokiman ki montre adrès ou ki gen dat anvan 30 jou ak de (2) prèv adrès ou ki gen dat ki pi plis pase 90 jou.

Nou ka itilize dokiman ki anba la yo pou satisfè kondisyon ki anwo a:

- enskripsyon elektè
- Lisans chofè Florida, kad idantifikasyon Florida ki valab oswa lòt kat ID ki montre yon adrès nan Konte Miami-Dade oswa anrejistreman veyikil nan non pasyan an, madanm/mari, oswa patnè
- resi peman prè ipotekè, afèmaj oswa lwaye ki gen dat nan omwen 90 jou anvan dat randevou a
- Si ou pa dwe lajan sou kay ou, pote yon tit kay la oswa yon tit kay-sou-woulèt ak anrejistreman an.
- bòdwo sèvis dlo, kouran elektrik, telefòn oswa lòt sèvis piblik ki sou non pasyan an, madanm/mari oswa patnè ki montre dènnye adrès kay la
- yon lèt gouvènman an te voye nan adrès kay pasyan an
- prèv ki montre enskripsyon nan lekòl pou timoun k ap viv nan kay la
- dènnye dosye istorik kay nan Konte Miami-Dade ki endike sou dokiman nan yon dosye depatman konte a
- lòt dokiman ki bay prèv pasyan an ap viv nan konte a



Prèv Revni

- Omwen kèk dènnye souch chèk ou te resevwa youn-apre-lòt nan yon mwa oswa lòt prèv revni anvan dediksyon pou chak moun ki touche yon salè nan inite fanmi an
- Dènnye fòm taks sou revni
- Si ou se yon travayè endepandan Tablo C IRS (Revni apre Dediksyon ak oswa kalandriye travay.
- Lèt patwon ki sou papye antèt konpayi an ki verifeye salè anvan dediksyon pa semèn, chak de semèn oswa pa mwa a
- Etadkont pansyon oswa souch chèk
- Lòt sibvansyon Sekirite Sosyal
- Prèv ki montre revni ou fè nan lwaye
- Revni Konpansasyon pou Chomaj
- Revni Konpansasyon Travayè
- Revni Sipò Timoun ak Pansyon Alimantè

Asistans Jeneral/Piblik

- Asistans Sosyal Piblik Konte Miami-Dade
- Lòt verifikasyon kupon pou achte manje (food stamp)
- Rekòmandasyonabri pou moun ki pa gen kay ak sant reyabilitasyon
- Lòt Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

Peman Asirans/Anwite

- Bousdetid ak sibvansyon etidyan
- Revni nan enterè dividann
- Lòt sipò lajan moun k ap sipòte ou ansanm avèk dire tan sipò a ak kantite lajan sipò chak mwa ak siyati
- Lòt sipò pansyon moun k ap ba ou sipò a avèk dire tan li ba ou sipò a

Lòt Enfòmasyon Enpòtan

- Prèv dènnye depans ou fè pa mwa anvan 30 jou (resi peman lwaye oswa prè ipotekè, peman vwati, peman prè, kat kredi, sèvis piblik)
- Prèv yon aplikasyon oswa refi pou avantaj pou konpansasyon chomaj, Medicaid, Sekirite Sosyal, andikap, asistans piblik, elatriye.
- Prèv Depandan (tankou deklarasyon enpo, batistè oswa lagad legal).
- Verifikasyon depo labank oswa depo federal ak etadkont
- Papye maryaj